Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 7 (7852)
20 Февраль
Хамиз 2025 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «САДОВОД»

## Байрамгун, бахIарчиял васал!



РакI-ракIалъ баркула районалъул гIадамазда, рагъулгун захIматалъул ветераназда, Россиялъул Армиялда хъулухъ гьабулел ругел гIолохъабазда, тылалда хIалтIаразда ВатIан цIунулезда Къо! Исана 23 февралалда нилъер цIар рагIараб Армия гIуцIаралдаса 118




сон тIубана. Къоабилеб гIасруялъул авалалда кьучI лъураб гьелъ нилъер тарихалда меседилаб хатIалъ хъвана нилъер бахIарчиял гьормал. Нилъер кIудияб пачалихъалъул ва гьелъул халкъалъул мурадал ва эркенлъи цIуниялъе гIоло къеркьараб БагIараб Армиялъ 1941-1945 саназда хIехьезе ккана КIудияб ВатIаниияб рагъул бицун бажаруларебгIан захIматаб кьогIлъи.

Рагъул саназдаги ракълил захIматалдаги Россиялъул Армиялда батIи-батIиял бакIазда рагъулаб хъулухъ тIубазабулаго районалъул гIолохъабазги бихьизабуна къо хIехьеялъул ва бахIарчилъиялъул мисал.

ЗахIматаб буго гьабсагIаталдаги ВатIан цIунулезда тIаде ккараб къо. Гьале санал ана 2014 соналъ Украиналда бугеб гIурус халкъалда тIад националистаз тIадецуй гьабулеб букIун, Россиялъ гьениб спецоперация тIобитIизе байбихьаралдаса.

Дунялалъулго пачалихъазул ярагъги тIаде рехун, захIматал рагъал унел рукIана гьенир ахирисал саназда. Рагъ жеги лъуг1ун гьеч1о. Амма нилъео армиялъ гьениб бихьизабуна дунялго хIайранлъараб дандечIей. Тушманасда бичIан бигьиго Россиялъ ВатIан хисулареблъи ва гьелъул бахIарчилъиялъе гIурхъи гьечIеблъи.Спецоперациялда гIахьаллъулел руго нилъер районалдасаги гIолохъаби. Украиналдаго рагъги лъугIизабун, ВатIан цIуниялъулъ унго-унгояб мисал бихьизабулеб буго гьез. РакI-ракIалъулаб баркалаги кьолаго рагъ лъугIун тIадруссин гьарула жакъа гIолохъабазе!

Хадубккунги яргъилал къуватаз рекъел ва гIодобе биччараб ахIвал-хIал букIинабиялъе рихьизарурал хIасилал хвел гьечIел руго. Гьарула щивасе щулияб сахлъи, халатаб, бакатаб гIумро, гьабулеб ишалъулъ икъбал. Биччанте хадубккун нилъеда тIад роцIараб, ракълилаб зоб букIине. Щивасе гьабулеб ишалъулъ гьарула икъбал!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер**

ВатIан цIуни

## Умумазул мисалалда куцаялъе



М. Заргъалаевасул цIаралда бугеб «Рихьуни школалъул МКОУялда 9-10 классазул цIалдохъабазе «Россиялъул бах1арзал ракIалде щвеялъул» Къоялда районалъул прокурор ГI-Р. Маликовасгун цадахъ районалъул администрациялъул бетIерасул зам Ж. Шамсудиновас цIалдохъабазе дандчIвай гIуцIун букIана. Гьез цIалдохъабазе бицана 15 февраль тарихияб къо букIиналъул. Гьеб къоялъ Афганистаналдаса нахъе бачана советияб войско ва 2010 соналдаса нахъе гьеб къо лъазабун буго хас гьабун Россиялъул гьеб рагъда хварал рагъухъаби ракIалде щвезариялъул Къолъун. ЦIалдохъабазда цере кIалъалаго гьез цIикIкIараб кIвар буссинабун букIана Афганистаналъулгун Сириялъул рагъазулъ нилъер рагъухъабаз бихьизабураб бахIарчилъиялде.

ВатIан цIунулел кIочонгутIиялъе кинабго гьабизе хIажат буго жакъа гIолеб гIел умумазул мисалалда куцаялъе. Гьеб рахъалъ бичIчIи кьолеблъун букIана бицен гьабулеб тадбирги .

Украина:

## Бергьенлъиялъул Къо гIагарлъиялъе




Дагъистаналъул бетIерасул кумекчи АхIмад ГIабдуразакъовас кумек гьабуна «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь Курскиялъул ракьалде Каспискиялъул флотилиялдасан ралъдал пехотаялъул 177 полкалъул рагъулаб зонаялъулазухъе гумаритарияб кумек битIиялъе. А. ГIабдуразакъовас лъугьунелъе битIараб кьимат кьолел гIадамал ахIана ГIиса МухIамадовичас гIадин бергьенлъи гIагар гьабилъе кумекалъе рахъине. Гьал къоязда гьес рагъул зонаялде бит1ана гьаб сураталда бихьулеб автомашина.

«Россия ккола кIудияб улка, амма нилъер къуват буго цолъиялъулъ. Нилъеда лъала тIолабго республикаялъ кумек гьабулеб букIин ВатIан цIунун къеркьолел бахIарчиял гIадамазе, гьединлъидал къойидаса къойиде гIагарлъизе буго нилъеде Бергьенлъиялъул Къо. Баркала бичIигун гьеб рахъалде балагьаралъухъ,-ян абуна А. ГIабдуразакъовас адресатазухъе кумек щвеялъе х1алт1и гьабулаго.

Ахихъан
Районалъул газета
№ 7 (7852)
Хамиз 20 Февраль
2025 сон



## КIвар кьеялда гъоркь

Гьал къоязда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовгун дандчIвана Гъуниб лесничествалъул нухмалъулев И. ИсмагIилов. Гьениб гара-чIвари ккана рохьазул бугеб хIалалда хурхун, бицана хадубккун гьел цIа ккеялдаса цIуниялъе гьаризесел тадбиразул. Аслияб кIвар буссинабула Россиялъул Федерациялъул цIа ккеялдаса цIуниялъул» ва кисанго рохьал рацIцIад чIезариялъул хIакъалъулъ бугеб №70 бугеб статьялъул рихьизариял тIуразариялъе хIалтIаби гьариялде.

Гьенибго къотIи ккана нагагь рохьоб цIа ккани гьеб свинабиялъе Унсоколо районалъ кумек гьабиялъул. Гьеб тIубазабизе кIиябго рахъалъ кIвар кьеялде гъоркь букIине буго хадубккун.



Кверзул махщел

# Умумузул махщел цIунижакъасеб масъала

**Араб соналъул ноябрь моцIрол авалалда Кисловодскиялда тIобитIараб ТIолгороссиялъул халкъиял промыслабазул выставкаялда гIахьаллъи гьабуна Унсоколоса МухIамаев МухIамадгIалица. Кисловодск шагьаралъул администрациялъ, гьесул хIалтIабазул узданлъиги щвалде щвейги бихьун, МухIамаев кIодо гьавуна ХIурматалъул грамотаги къиматаб сайгъатги кьун.**

**Гьеб тадбиралдаса хадур ниж дандчIвана МухIамаев МухIамадгIалигун ва гьабуна гара-чIвари.**



**- МухIамадгIали, выставкаялъухъ балагьизе рачIаразе бищунго рокьарал тIагIелал кинал рукIарал?**

- Бищунго рокьараллъун рукIанин ккана ноцIал ругел гIунсбиги, декоративиял вазабиги, хIакимасул столалда лъолеб алатги.

**- Мун гьеб устарлъиялъе лъица вугониги ругьунищ гьавурав яги..?**

-КIинусгоялдасаги цIикIкIун соналъ цебе байбихьун буго ансадерица гьаб устарлъи гьабизе. ЦохIо Дагъистаналда гуреб, дунялалъул цониги бакIалдаги гьечIебха гьадинаб цIулада махх кьабулеб махщел.

Ансадерил гIадат букIинчIо ва гьечIо гьеб махщалие цIалулеб. Щибаб лъимер ругьун гьабула рокьо-рокьоб инсуца яги кIудица. ГьитIинго дилъги бижана гьелде рокьи. Дир кIудада ГIабдулхIажиев МухIамад вукIана машгьарав устар. Гьес гьабураб щакъидул алат Ленинине сайгъаталъе битIун букIана, жакъаги гьеб Москваялда, музеялда буго, КIудадаца ругьун гьавуна дунги..

Дун цIалана технолог-консервщикасул махщалие ва гIемерал соназ хIалтIана консервал гьарулеб заводалда. 90-абилел сназда гьеб къана ва хIалтIи гьечIого хутIидал, гьаб махщалиде вуссана.

Аслияб куцалда дица гьарула гIунсби, вазаби, цIам ва конфетал ралел, тIугьдул ва хIедучирахъал лъолел тIагIалаби, столалда тIад лъолел приборал. Гьединго чIухIизарун къачIала нусал, хвалчаби, хунжрул. Масала, лъабго соналъ тIадги хIалтIун, дица гьабуна II8 сантиметр борхалъи бугеб ваза. Гьеб буго Унсоколо районалъул бетIерасул кабинеталда.

**- ГьабсагIат кив мун хIалтIулев вугев?**

- Дирго рокъоб бугеб цехалда. Гьенир ругьун гьаруна дир лъабавго васги, гьединго гIагарлъиялъул ва мадугьалзабазул васалгун ясалги.

**- Цогидал устарзабазда дандеккун, дуца гьабулеб устарлъиялъул батIияб тIокIлъи, хаслъи бугищ?**

- Мельхиор чIоларо тIадагьаб, тамахаб цIулада кьабун. Дица пайда босула цIулакьодул, генул ахбазаналъул ва жуламул гьутIбузул цIуладаса. Гьелда рикIула лъиениги хасиятал гурел, «МухIамаевасул» абун цIар щварал накъищал ва чIвала ишанал.

**- Дуцаго гьарурал тIагIелазул хасаб выставка букIанищ?**

- БукIинчIо, амма ракIалда буго тIадеялъул дирго хIалтIабазул хасаб выставка тIобитIизе.

Дир хIалтIаби рихьана Россиялъул батIи-батIиял шагьаразда тIоритIарал гIемерал выставкабазда. Масала, I7-23 декабралда Москваялда тIобитIараб ТIолгороссиялъул «Ладья» абураб выставкаялда букIине буго дир 30 хIалтIи: вазаби, хунжрул, хвалчаби, гIунсби ва гь.ц.

**- Дуца гьабулеб хIалтIухъ щолеб мухьалдаса рази вугищ?**

- Вуго, амма цо заман букIуна туристалги рачIунареб, халкъги мискинаб, устарлъи гьабун щолеб гIарацги мукъсанаб. Жакъа дун гIадал устарзабазул иш лъикI буго, ДРялъул туризмалъул ва художествиял промыслабазул министерствоялъ ниж гIадиназда кверчIвалебги буго.

**- Дуцаго гьабулеб устарлъиялъул кинаб бутIа дуего бокьулеб?**

- Устарасул хIалтIи бикьун букIуна лъабиде: художникасул, мастерасул ва дизайнерасул. Дицайин абуни цадахъ бачунеб буго гьеб лъабабго махщел. Дие рокьула устарлъиялъул киналго бутIаби, хасго гьалъул байбихьи ва лъугIел. Щивав устарасул букIуна, киназдаго лъалеб, жиндирго накъищ. ТIагIалида гьеб берцинго лъугьиндал, ракIги бохула. Къокъго абуни, устарлъи ккола дир хIалтIи, дир гIумру ва дир рукъ.

**- РакIалда бугищ тIоцебе гьабураб тIагIел?**

- Щуабилеб классалда цIалулеб заманалда, захIматалъул дарсазда нижеда малъулаан гьаб устарлъиялъул цо-цо жал. Гьел дарсазда дица гьабуна тIоцебе ваза. Гьеб бихьидал, унго, кIудада вохун вукIараб куцха! Микьго класс лъугIидал, ай I978 соналда дун цIалана токалъун, харатI бахъулеб станокалда гьединабго вазаги гьабун букIана.

**- Школазда мастер-классалги тIоритIулагури дуца...**

- МахIачхъалаялъул школазул 5-9 классазул цIалдохъабазе дица бицуна гьеб махщалил тарихалъул ва хаслъабазул хIакъалъулъ, бихьизабула тIагIел гьабулеб къагIида, цIалдохъабазда малъула ва хадур жалго тIамула тIагIелазда гIадатиял накъищал гьаризе ва мугьраби чIвазе. Рии-риидал ниж батIи-битIиял махщалилал мастер-кассал кьезе уна лъималазул лагераздеги.

**- МухIамадгIали, гара-чIвариялъул ахиралда сунде кIвар буссинабизе дуе бокьилеб?**

- Нилъ жанир ругеб «Выставка народных художественных промыслов» абураб гьаб мина ккола нижее, ай устарзабазе гьечIого гIолареб бакI. Гьанир данделъула, гIакълу дандбала, бахIсал гьарула. Гьанир халкъалда рихьизе цере лъола бищунго лъикIал хIалтIаби, тIоритIула мастер-классал. Къокъго абуни, гьаб ккола думалъго цIунизе мустахIикъаб, халкъиял промыслабазул кIиабилеб рукъ.

Ахихъан
Районалъул газета
№ 7 (7852)
Хамиз 20 Февраль
2025 г

3 гьумер

# Садовод

Страница в номере




## ПРОХОЖДЕНИЕ ДИСПАНСЕРИЗАЦИИ ПО МЕСТУ РАБОТЫ



Согласно приказа Министерства здравоохранения Российской Федерации от 28 февраля 2024 г. N 91н «О внесении изменений в порядок проведения диспансерного наблюдения за взрослыми, утвержденный приказом Министерства здравоохранения Российской Федерации от 15 марта 2022 г.» пройти диспансеризацию работники теперь могут по месту своей работы, а учащиеся по месту своей учебы.

Необходимо заранее сформировать предварительный перечень работников для прохождения диспансеризации. В этих списках должны указать:
- адрес;
- дата рождения;
- пол (мужской или женский);
- номер полиса ОМС;
- номер СНИЛСа.

Только при наличии такого списка, предоставленного в МО, можно провести все необходимые исследования в удобном режиме.

**Что такое диспансеризация?**

Диспансеризация - это комплексное медицинское обследование, которое проводится для оценки состояния здоровья человека, выявления заболеваний (в том числе хронических и онкологических) на ранней стадии.

Диспансеризация проводится при наличии информированного добровольного согласия гражданина. Гражданин вправе отказаться от проведения диспансеризации в целом либо от отдельных видов медицинских вмешательств, входящих в объём диспансеризации, при этом он должен дать письменный отказ по форме и в порядке, которые утверждены Федеральным законодательством.

Непосредственно перед диспансеризацией необходимо подписать форму добровольного информированного согласия. В случае отказа от диспансеризации - форму официального отказа.

Можно также отказаться от части исследований, которые проводятся в рамках диспансеризации. Однако, если их объем превысит 15 процентов, диспансеризация не будет считаться пройденной.

Медицинские мероприятия, проводимые в рамках диспансеризации, направлены на выявление факторов риска сердечнососудистых, онкологических заболеваний, сахарного диабета - наиболее распространенных причин инвалидности и преждевременной смерти населения.

К факторам риска этих болезней относятся повышенное артериальное давление, повышенный уровень холестерина, курение, нерациональное питание, ожирение, чрезмерное потребление алкоголя, низкая физическая активность.

Кроме того, раннее выявление заболеваний позволит гораздо быстрее и эффективнее провести лечение и в большинстве случаев. Возраст прохождения диспансеризации. Возможность бесплатно проверить состояние здоровья есть у всех россиян.

По правилам проведения диспансеризации, в возрасте с 18 до 39 лет нужно проходить раз в три года, а с 40 лет – каждый год.

Под диспансеризацию в 2025 году попадают 2007, 2004, 2001, 1998, 1995, 1992, 1989, 1986, 1983г.р., а также все граждане старше 40 лет. Все остальные могут пройти профилактический осмотр. Каждый, кто прошел диспансеризацию, получает паспорт здоровья, в который вносят заключения и рекомендации по результатам обследований. Диспансеризация – лишь одно из направлений нацпроекта "Здравоохранение". После того, как человек пройдет диспансеризацию, терапевт выдаст заключение и присвоит группу здоровья.

Первый этап диспансеризации проводится с целью выявления у граждан признаков хронических неинфекционных заболеваний, факторов риска их развития, а также определения показаний к выполнению дополнительных обследований и осмотров врачами-специалистами для уточнения диагноза заболевания (состояния) на втором этапе.

**Буйнакский филиал ТФОМС**

Информация

## Освещение вопросов противодействия коррупции

**О приеме заявок и условиях специального журнлистского конкурса среди республиканских средств масовой информации на лучшее освещение вопросов противодействия коррупции**

**Агентство информации и печати Республики Дагестан объявляет о приеме заявок на участие в конкурсе среди республиканских средств массовой информации (далее – СМИ) на лучшее освещение вопросов противодействия коррупции (далее –Конкурс). Конкурс проводится в соответствии с государственной программой Республики Дагестан «О противодействии коррупции в Республике Дагестан».**

**Цель Конкурса – способствовать повышению эффективности мер противодействия коррупции, формированию в обществе антикоррупционного сознания.**

**Участниками Конкурса могут быть электронные, сетевые и печатные средства массовой информации Республики Дагестан, а также авторы (авторские коллективы), корреспонденты федеральных СМИ в Республике Дагестан, чьи материалы были опубликованы в СМИ и в сети интернет с 1 января по 10 ноября2025 года.**

**Конкурс проводится в следующих номинациях:**
**– документальный фильм, теле-/ радиопередача, размещенные в теле-/радиоэфире.**
**– сюжет; видео-/ аудио ролик; социальный ролик, размещенный в теле-/ радио эфире, сайте СМИ, в социальных медиа, мессенджерах.**
**– публикация в печатном/сетевом издании (статья, очерк, др.).**

**Работа должна быть создана на русском языке либо на языках народов Республики Дагестан (с заверенным СМИ соответствующим переводом на русский язык).**

**Работа должна содействовать просвещению граждан, содействовать формированию в обществе нетерпимого отношения к коррупции, повышению антикоррупционной грамотности, популяризации антикоррупционного сознания и антикоррупционных стандартов поведения.**

**Конкурсные работы оцениваются комиссией, формируемой из числа представителей организатора, профильных органов исполнительной власти, республиканских СМИ.**

**Срок приема заявок – по 10 ноября 2025 г.**

**Для победителей Конкурса учреждаются премии в каждой номинации за первое место – 45 000 (сорок пять тысяч) рублей, за второе место – 30 000(тридцать тысяч) рублей, за третье место – 25 000 (двадцать пять тысяч) рублей.**

**Награды присуждаются за глубокое и яркое освещение тематики, художественное качество публикации профессионализм и оригинальность подачи, степень охвата аудитории.**

**Порядок приема конкурсных работ указан в Положении (размещено на сайте Агентства (http://www.rd-press.ru/)www.rd-press.ru (http://www.rd-press.ru/) в разделе «Документы», подраздел «Конкурсы и гранты»).**

**Дополнительная информация предоставляется по телефону: 8(8722) 51-03-54.**

**Итоги Конкурса размещаются на сайте Дагинформа www.rd-press.ru (http://www.rd-press.ru/). (http://www.rd-press.ru/)**

# Военный комиссар Унцукульского района



Военный комиссар Унцукульского района, старший лейтенант Гапуров Муслим Магомедович провел агитационные мероприятия по заключению контрактов на военную службу в Унцукульском районе. Он посетил все сельские поселения, информируя жителей о преимуществах и условиях службы по контракту, а также о возможностях, которые открываются для военнослужащих.

В ходе встреч Гапуров Муслим ответил на вопросы граждан, разъяснил порядок поступления на военную службу и рассказал о социальных гарантиях, предоставляемых контрактникам. Такие мероприятия способствуют повышению интереса молодежи к службе в МО РФ и укреплению обороноспособности региона.

**Напоминаем о льготах предоставляемых**

В Унцукульском районе на военную службу по контракту в Вооруженные Силы РФ. жители Унцукульского Района, заключившие контракт, смогут получить до 1,8 млн рублей единовременно:
- 1 млн рублей – от Республики Дагестан;
-400 тысяч рублей – из федерального бюджета;
-400 тысяч рублей – от администрации Унцукульского района(жители других городов и районов получат от 100 до 400 тысяч рублей).
Заработная плата – от 210 тысяч рублей в месяц.

**Для дополнительной информации обращайтесь в пункт отбора по Дагестану:**

# НагIаналъул зарал букIунищ?

ГIемерисел гIалимзабаз рикIкIуна кьураб нагIанаялъ (проклятие) чиясе зарал гьабуларин гьев божичIони ва талихIкъосиналъухъ живго валагьун чIечIони,-абун. Амма дунялалда руго гIемерал жидедаго тIаде кинабго цIалел ва хIинкъулел гIадамал. Гьединал гIадамал ккезеги ккола нагIанаялъул квешаб асаралде гъоркье.



Щиб лъугьунеб гIадамасе нагIана кьурал рагIабаздаса хадуб?
Гьеб заманалда жанив гIадан вукIуна щим бахъараб ахIвал-хIалалда, гьелъ чIезабула чиясул биополе. Биополеялда лъурал ругъназул захIматаб асаралъ квешаб хIал лъугьинабула жанисел органазе ва нагIана кьураб «къурбан» унтизе лъугьуна. ГIелмиял цIех-рехаз бихьизабулеб буго дандиясул квешал рагIабаз квешаб асар гьабулин генетикияб рахъалъ сахав чиясеги,- абун. Гьедин бачIарабги буго къурбанлъун ккарасул букIараб захIматаб хIал гьесул хадусеб гIелалъухъеги кьолин абиги. Хвалил асаралда гъоркь вугев чиясда къваридаб хабар бицани, кIудияб бакIлъиялде гъоркье ккола гьев, ай тIаде рачIуна цогидалги лъикIал гурел асарал, захIмалъаби.

Бищунго къабулаблъун букIунеб буго эбел-инсул лъималазе кьолеб нагIана. Гьелъ рачуна гIицIго унтиялде гуребги кинабго квешабщиналде, рес буго лъималазул хадусеб потомство лъикIаб гьечIеб бижизеги. Лъималаз жидерго эбел-инсуе нагIана кьолеб бугони, абула тухумго тIагIине рес бугин. Гьединал нагIанаби хIалтIула цIакъго хехго. Гьединлъидал цIакъго кIвар буго хъизан-лъималазда гьоркьоб гIодобе биччараб хIал букIиналъул. Квелъ базе ккола нилъерго лъикIал гурел асаразда, щим нахъе чIван, гIодоре риччазаризе ккола нилъго яги дандияв, ургъун бицине ккола рагIи.

# РачIа релъизе

Поездалъул проводникас пассажирасда цIехола:
-Нолъ нужер кафеялда букIараб хъуй щиб?
-БукIинчIо гьаракь-хъуйго, полкаядаса гъоркье дир тIимугъ бортун букIана.
-ТIимугъ бортидал гьедин кIудияб гьаракьищ букIунеб?
-Гьеб тIимугъалъулъ дунго вукIиндалха.

***

-Киб бугеб дир ручка,-ян гьикъулеб буго профессорас жиндирго лъадиялда
-Кибха букIинеб, дурго гIиналда нахъа къазабун бугоха,-ян жаваб кьола лъадуца.
-Гьа дир гаргадилев вукIине заман гьечIин, кинаб гIиналда бугебаниги бице!

***

Палатаялъуве щварав тохтурас унтарасул хал гьабула.
-Дие бокьун гьечIо мун хIинкъизавизе, амма дур температура бахун буго 4I градусалде...
-Ургъел чIваге, тохтур, дица гьабсагIаталда гьеб градусалъ чай багъарун букIана.

***

Армиялде ине чан нухалъ повестка бач1аниги Башир-военкоматалде унаро. Ахир-къадги полициялъ рачIун вачуна гьев гьениве.
-Мун щай тIурахъдулев, дуда закон лъаларищ, метерго армиялде ине хIадурлъе,-ян комиссарас абидал Баширица жаваб кьола»Рагъуе хIадурлъизе дир тушбаби гьеч1о,-ян.

# Чай



Чаялъул санал ращадал руго Египеталъул пирамидабазда. Китаялда чай лъалеб букIана гьанжеялдаса 3-5 азарго соналъ цебе. Европаялда чай гьекъезе байбихьана гIицIго XVI гIасруялда. Чаялъулъ руго дабагь лъугьинабулел жал (дубильное вещество), махI гьуинал нахал, кофеин, витаминал С,В,К,Р.

Гьекъолел жалазул цонигиялъул чаялъул гIадаб машгьурлъи гьечIо. Ц1акъго тIагIамаб, татуяб букIуна японияз ва китаяз хIадурараб чай.

ДаруялъеГи хIалтIизабула чай. Амма гьелда гъорлъ букIунеб кафеиналъ давление борхизабизе бегьула. Гьединлъидал къвакIараб чай гьекъезе лъикIаб гьечIо рекIел ва бидулрихьазул давление бугез.

ГIелмияб медициналъ хурдузул чай лъикIаблъун бихьизабун буго рекIел хIалтIи загIиплъидал, чорхое загIиплъи бачIиндал, бетIер унтун рукIунезе. Гьелъ гIадалнахул хъалал хIалтIи лъикIлъизабула, бидул хIалуцин (давление) дагьлъизабула,бидурихьал лъикI хIалтIизарула, хIухьел цIалел органазул хIалтIиги лъикIлъизабула. Чаялъ кумек гьабула загьруял жал къватIире рачIинаризе.

ЦIикIкIун заман бачIеб гIурччинаб чаялъ (3 моцIидаса тIаде инчIеб) квербакъула цIияб би лъугьинабизе, бидурихьазул хIалтIи лъикIлъизабиялъе, радиациялдаса цIуниялъе.

Газета основана 1937 г.
УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация Унцукульского района
Главный редактор
КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.
Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 20. 02. 25 г. 15. 30
фактически -16. 00 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1002 экз.